

**Dwa Paran yo
Not Pwosede sofgad yo nan Maryland**



Depatman Edikasyon pou leta Maryland
Divizyon edikasyon espesyal / Sevis entevansyon prevantif yo

31 DESANM 2008

Depatman Edikasyon pou Leta Maryland
Divizyon sevis espesyal/Sevis entevansyon prevantif yo
200 West Baltimore Street
Baltimore, MD 21201
410-767-0858 (telefon)
410-333-1571 (sevis faks)
<http://marylandpublicschools.org>

Depatman Edikasyon pou Leta Maryland pa fe diskriminasyon sou baz ras ou, sou baz koule ou, sou baz si ou se yon gason oswa yon fi, sou baz ki laj ou genyen, sou baz nan ki peyi ou soti, sou baz relijyon, oswa andikap nan zafe ki gen pou we ak travay oswa nan bay moun akse a sevis ke yo bay. Pou tout zafe ki gen pou we ak regleman depatman-an, tanpri souple rele Equity Assurance and Compliance Branch, vwa (410) 767 0433 oswa sevis faks (410) 767 0431. Dapre lwa kifet pou andikape Ameriken ki rele: American with Disabilities Act (ADA), dokiman sa-a disponib nan lot foma yo, men se ou ki pou mande sa. Kontakte Divizyon Edikasyon Espesyal/Sevis Entevansyon prevantif yo, Depatman Edikasyon pou Leta de Maryland nan vwa (410) 767 0858 oswa sevis faks (410) 333-1571.

Dokiman sa-a te developpe e prodi pa Divizyon Edikasyon Espesyal/Sevis entevansyon prevantif yo, IDEA pati B sibvansyon nimewo HO27A060035A ki resevwa finansman nan men Depatman Edikasyon Etazini, Ofis Edikasyon Espesyal e sevis reyabilitasyon Dpatman Edikasyon nan Etazini (U.S. Department of Education, Office of Special Education and rehabilitative Services, U.S. Department of Education). Enfomasyon sa-a li pibliye lib sa vle di tout moun gen dwa pouf e kopi. Pa gen problem si moun kap li-yo ta fe kopi oswa fe pataj, you sel bagay nou ta ankouraje yo fe, se pou yo bay tout kredi a Divizyon Edikasyon Espesyal/Sevis entevansyon prevantif yo, Depatman Edikasyon pou Leta Maryland.



Tab de matye

Pwosedede sofgad yo.....	1
Lang matenel.....	1
Kourye elektronik	2
Not a lekri yo te ba-w anvan	3
Not	3
Bagay ki ekri andedan not la	3
 Konsantman	 3
Konsantman parental pou evalyasyon.....	4
Reg espesyal pou evaliyasyon pou ti moun Leta ap okipe	5
Konsantman paran pou sevis yo.....	5
Konsantman paran pou evalyasyon yo fet anko	5
Dokiman ki montre ke gen efo rezonab ki te fet pou resevwa konsantman paran	5
Reket sou lot konsantman	6
 Evalyasyon edikasyonel endepandan	
Definisyon yo	7
Krite ajans piblik	8
Dwa paran pou evalyasyon kap peye pa piblik la	8
Evalyasyon lanse pa paran	8
Reket pou you evalyasyon pa you ofisye odisyon	8
 Konfidansyalite nan enfomasyon	
Definisyon yo	9
Sovgad yo	9
Konsantman	9
Dwa akse	10
Dosye akse	10
Dosye amandman si paran fe reket la	11
Pwosedede pou destriksyon enfomasyon	12
Dwa ti moun yo	12
Enfomasyon disipline	12
 Disiplin ti moun ki gen enkapasite yo	 12
Definisyon yo	12
Otorite pesonel lekol la genyen	13
Manifestasyon deteminasyon	13
Chanjman nan plasman	14
Kad Edikasyon Altenatif Pwovizwa	14
Kou dapel aksyon disipline.....	14
Yo pako detemine si ti moun nan kalifye	15
Referans a e aksyon pa moun kap ranfose lalwa e otorite jidisye yo	16

Plasman you paran de ti moun nan lekol prive, se piblik la kap peye pou sa.....	16
Limit sou ranbousaj	17
Transfe dwa paran yo a laj de majorite	17
Rezoud dezagreman	18
Medyasyon	18
Reyinyon pou ankouraje medyasyon	19
Diferans ant you plent Eta-a avek plent sou afe garanti dwa moun	19
Plent Eta-a	20
Rezoud plent Eta-a.....	21
Rezoud plent Eta-a ki se sije.....	21
Plent pwosede sou afe garanti dwa moun.....	22
Ki sa ki gen andan plent pwosede garanti dwa	22
Reponn a pwosede plent sou afe garanti dwa moun.....	22
Not ase	23
Pandans pwosede a estati ti moun nan	24
Rezolisyon pwosede.....	24
Ajisteman a 30 jou kalendrye period rezolisyon.....	25
Ako koman tranche rezolisyon	25
Odisyon garanti ase de dwa moun	25
You jij lwa administratif (ALJ).....	26
Sije bagay ki gen pou we ak garanti ase de dwa moun.....	26
Odisyon de dwa-w yo	27
Revelasyon pi plis enfomasyon	27
Dwa paran yo.....	27
Desizyon odisyon.....	27
Plent separe garanti ase de dwa-w yo	27
Kwonoloji epi konvenyans de odisyon	28
Kwonoloji Ekspedye	28
Finalite sou desizyon odisyon.....	28
Appel	28
Fre ke avoka chaje-w	29
Atachman	32

Pwosedede sofgad yo

Not kouman pwosedede sofgad la mache gen tout eksplikasyon de dwa yon an you manye ki pi fasil epi nan lang natif natal ou.

Pwoteksyon ki genyen andan dokiman sa-a yo etabli pa endividi yo avek andikap Education Improvement Act 2004 (IDEA 2004), 20 U.S.C. & 1400 and seq., and COMAR 13 A.08.03 ki ka aplike nan IDEA 2004. Chak ajans piblik pral etabli, kenbe, e mete an aplikasyon pwosedede sofgad yo ki repon a reket IDEA 2004. Paran yo dwe resevwa you kopi pwosedede sofgad yo you fwa pa ane, esepite you ajans piblik dwe bay paran you lot kopi de dokiman an:

- Depi nan premye referans oswa depi premye fwa paran an mande pou you evaliyasyon;
- Depi le ou resevwa resi de first state plent edikasyon espesyal ki anba regleman 34 CFR 300.151 jiska 300.153 nan you ane lekol;
- Depi sou le yo resevwa premye plent sou zafe garanti dwa moun ki anba regleman 34 C.F.R. & 300.507 nan you ane lekol;
- Le you desizyon pran pou bay you aksyon discipline; e
- Depi paran yo fe reket la (mande)

You ajans piblik ka plase you kopi ki a la mod de not pwosedede sofgad yo sou adres entenet li si adres sa-a ekziste.

Dokiman sofgad yo gen ladan eksplikasyon konplet de dwa paran yo nan you manye ki fasil pou konpran epi tou nan lang natif natal paran an, a mwens ke li tre kle sa pa ka fet. Si langaj natif natal oswa lot mod kominikasyon paran an pa you langaj yo ka ekri, ajans piblik la dwe fe tou sa-l kapab pou pwosedede sofgad yo tradi oral oswa pa nenpot lot mwayen nan langaj natif natal paran an oswa lot mod kominikasyon. Ajans piblik la dwe kenbe prev ki ekri ke not la te tradi e ke paran an te konpran ki ka nan pwosedede not gad yo.

Lang natif natal

Paran yo gen dwa pou resevwa enfomasyon nan lang ke yo konpran, langaj natif natal, le ou an afe ak you moun ki limite nan pwofisyans lang angle, sa vle di bagay sa yo ke mwen pral di la a :

- Langaj ki nomalman itilize pa moun nan, oswa, nan ka ke se you ti moun, langaj ke parant i moun nan abitye itilize.
- Nan tout kontak direk ak you ti moun (menm le ti moun nan gen evaliyasyon)
- langaj ke ti moun nan nomalman itilize lakay e nan anvironman kote lap apran nan

Pou moun ki soud oswa aveg, oswa pou moun ki pa gen langaj moun pa ka ekri, mod kominikasyon an se sa ke moun nan kon itilize (telke lang ke moun se siy yo fe bray oswa kominikasyon oral).

Kourye elektwonik

Paran yo ka chwazi pou resevwa not elektwonik si opiyon sa a disponib.

Si ajans piblik la ofri paran yo chwa pou resevwa dokiman pa kourye elektwonik, ou ka chwazi pou resevwa bagay sa yo mwen pral mansyone la a :

- Not ekri anvan an;
- Not pwosede sofgad yo; e
- Tout not ki an rapo ak reket sou afe garanti dwa moun.

Not ekri anvan an

Paran yo gen dwa pou resevwa enfomasyon a lekri konsenan aksyon ajans afe piblik sou zafe ki gen pou we ak edikasyon espesyal pou pitit li.

Not

You ajans piblik dwe bay paran yo not ekri chwak fwa li:

- Fe pwopozisyon pou inisye oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon, pwogram ki gen rapo ak edikasyon de you ti moun oswa plasman ki gen rapo ak edikasyon de you ti moun oswa si gen pwovizyon ki fet de edikasyon piblik apwoprye (FAPE) de you ti moun; oswa
- Refize pou inisye oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon, pwogram ki gen rapo ak edikasyon oswa plasman edikasyonel de you ti moun, oswa de pwovizyon FAPE de you ti moun.

Kan not ekri a gen rapo pou li we ak you aksyon ki mande konsantman paran, ajans piblik la ka bay not ekri nan menm le a.

Konsantman not ekri a

Not ekri a dwe:

- Dekri aksyon an oswa (aksyon yo), ke ajans piblik la te pwopoze oswa refize pran;
- Eksplike pouki sa ajans piblik la fe pwopozisyon oswa refize pou pran aksyon an oswa (aksyon yo) ;
- Dekri chak pwosede evalyasyon, evalyasyon, rejis, oswa rapo ke ajans piblik la refize le yap decide pou pwopoze oswa refize aksyon an oswa (aksyon yo);
- Mete ladan you not ke paran yo gen pwoteksyon anba pwovizyon yo sou pwosede sofgad yon an IDEA;
- Di paran yo koman yo ka resevwa you deskripsyon de pwosede sofgad yo si aksyon ke ajans piblik la pwopoze oswa refize li pa you premye referans pou evalyasyon;
- Ladan gen resous yo pou paran pou kontakte e mande ed pou ka konpran IDEA a;
- Dekri nenpot lot chwa yo ke gwoup pwogram edikasyon endividyalize (IEP) konsidere e rezon yo poukisa chwa say o te rejete; **e**
- Founi deskripsyon de lot rezon yo poukisa ajans piblik pwopoze oswa refize aksyon an.

Konsantman

You ajans piblik dwe gen konsantman paran pou evalye ti moun pou edikasyon espesyal e sevis ki an rapo. Paran yo gen dwa pou refize konsantman. Gen kek esepsyon pou konsantman sou afe evalyasyon.

Konsantman vle di ke paran yo:

- Jwen enfomasyon konplet de tout ranseman ki an rapo ak aktivite pou sa yap chache konsantman, nan lang natif natal oswa nan fason yo kominike;
- Konpran e dako nan you fom a lekri avek efe pou pote aktivite pou sa ke yap chache konsantman an e konsantman an dekri ke aktivite e lis dosye yo (si sa ekziste) ki va libere e kiyès moun ke nou va bay yo, e
- Konpran ke yo ba ou konsantman an san yo pa fose-w e yo ka revoke-l nepot le lide yo di yo.

Si paran yo ta wete konsantman, li pa anile yon aksyon ki rive nan le ajans piblik resevwa konsantman e anvan ke li te retire-l.

Si a lekri, paran an retire konsantman an pou pitit li pa resevwa sevis edikasyon espesyal apre ke ti moun sa-a te kon patisipe anvan nan edikasyon espesyal epi ansanm ak lot sevis ki makonen ak sa, ajans piblik la pa oblije amande dosye edikasyon ti moun nan yon fason pou wete nenpot referans de ti moun nan ke li tap resevwa edikasyon espesyal ansanm ak lot sevis ki mare ak yo paske konsantman an revoke.

Konsantman paran pou premye evalyasyon

Anvan ke you ajans piblik ka fe you premye evalyasyon de ti moun pou detemine si ti moun nan kalifye pou edikasyon espesyal e tout sevis yo ki mare avek sa, ajans piblik la dwe :

- Founi paran yo you not a lekri de aksyon ke yo pwopoze ; **e**
- Resevwa konsantman paran

Ajans piblik la dwe fe tout efo ki rezonab pou resevwa konsantman enfome pou premye evalyasyon pou deside eske ti moun sa a son ti moun ki gen you enkapasite ki mande pwovizyon regleman pou edikasyon espesyal e tout sa e tout sevis ki an rapo ak sa a.

Paske paran an dako pou premye evalyasyon pitit li pa vle di ke paran bay ajans piblik la dwa pou komanse edikasyon espesyal e tout lot sevis ki makonen ak sa pou ti moun nan.

Reg espesyal yo pou premye evalyasyon epi ti moun ke leta ap okipe

Si ti moun nan se you ti moun ke leta ap okipe epi li pa abite avek paran li oswa paran yo, ajans piblik la pa bezwen konsantman de paran yo pou you premye evalyasyon pou ka detemine si ti moun nan se you ti moun ki gen enkapasite si :

- Malgre tout efo rezonab yo pou fe sa, ajans piblik la pa ka jwen paran ti moun lan ;
- Yo te retire dwa paran an yo dapre lalwa ; oswa
- You jij te asiyen dwa pou pran desizyon ki gen rapo avek edikasyon e pou konsanti pou you premye evalyasyon a you endividi ki pa paran an.

Konsantman paran pou sevis yo

You ajans piblik dwe fe tout efo ki rezonab pou resevwa konsantman enfomea anvan pou resevwa edikasyon espesyal e tout sevis ki an rapo ak sa a ti moun pou premye fwa.

You ajans piblik **pa dwe** itilize medyasyon oswa zafe ki an rapo ak pwosede garanti pou dwa pou resevwa you ako oswa you desizyon ke edikasyon espesyal e sevis ki makonen ak sa ke gwoup IEP ti moun nan rekomande yo ka founi sa a ti moun nan san pa genyen you konsantman paran yo si paran yo :

- Refize pou bay konsantman pou pitit yo pou resevwa edikasyon espesyal e tout lot sevis ki makonen ak sa ; oswa
- Pa repon a you reket pou founi konsantman an relasyon ak pwovizyon pou edikasyon espesyal e tout lot sevis ki makonen ak sa pou premye fwa.

Si paran yo refize bay konsantman pou pitit yo pou resevwa edikasyon espesyal e tout lot sevis ki makonen ak sa pou premye fwa, oswa si paran yo pa repon a reket pou founi konsantman a ajans piblik la :

- Li pa an vyolasyon ak deman pou fe you edikasyon piblik apwoprye gratis (FAPE) diponib a ti moun yo a ; **e**
- Li pa nesese pou genyen you pwogram edikasyon endividyalize (IEP)

Konsantman parental pou re-evalyasyon yo

You ajans piblik dwe resevwa konsantman enfome anvan ke li fe nouvo evalyasyon endividyalize de you ti moun, a mwens ke ajans piblik la ka demontre:

- Li pran kek etap rezonab pou resevwa konsantman parantal pou re-evalyasyon ; **e**
- Paran an pat repon.

Paran ki te dako pou sevis, wete konsantman an

A nenpot kel moman apre ke ajans piblik la te komanse premye pwovizyon sevis edikasyon espesyal ansanm ak lot sevis ki makonen ak sa, Si paran yon ti moun wete konsantman an a lekri konsenan kontinyasyon edikasyon espesyal ansanm ak tout lot sevis ki makonen ak sa, ajans piblik la ___

- Pa oblije amande dosye edikasyon yon fason pou wete nenpot referans de ti moun nan ke li tap resevwa edikasyon espesyal ansanm ak lot sevis ki makonen ak yo paske konsantman an revoke;
- Ka pa kontinye bay ti moun nan edikasyon espesyal ansanm ak lot sevis ki makonen ansanm ak yo , anvan ke ajans piblik la pa kontinye bay ti moun nan sevis edikasyon espesyal fok li voye you not a lekri anvan a paran, bay paran ki te voye reket ekri a yon fason pou kanpe sevis edikasyon espesyal la ak tout lot sevis ki makonen ak sa, sa dwe fet anvan ke yo sispan pwovizyon edikasyon espesyal ak tout lot sevis ki makonen ak sa.
- Li ka pa itilize medyasyon oswa pwosede de garanti dwa moun yon fason pou resevwa agreman oswa yon desizyon de sevis yo fok yo bay ti moun nan-l;
- Pap konsidere kom si yo an vyolasyon de deman pou fe FAPE disponib a ti moun nan paske yo manke bay ti moun nan pi plis sevis edikasyon espesyal ansanm ak tout lot sevis ki makonen ak sa; epi tou
- Li pa anba obligasyon pou fe yon reinyon gwoup IEP oswa developpe yon pwogram edikasyonel endividyel (IEP) pou ti moun nanyon fason pou bay li pi plis pwovizyon sevis edikasyon espesyal ansanm ak tout lot sevis ki makonen ak sa.

Retire yon konsantman pa oblije anile yon aksyon ki rive nan espas le ajans piblik la resevwa konsantman an ak le ki anvan le li retire konsantman an.

Si paran yo refize konsantman pou nouvo evalyasyon yo, ajans piblik la ka, men li pa oblije cheche pou aile refi paran pou itilize medyasyon oswa pwosede pou garanti dwa yo. Kom avek premye evalyasyon, ajans piblik la pa vyole obligasyon li yo anba regleman ki rele IDEA si li pad ako pou pousiv nouvo evalyasyon yo.

Dokimantasyon de efo rezonab yo you fason pou resevwa konsantman parantal

Ajans piblik la dwe kenbe dokimantasyon de efo rezonab yo pou resevwa konsantman parantal pou premye evalyasyon yo, pou founi edikasyon espesyal e tout lot sevis ki makonen ak sa, pou premye fwa, pou re-evalye, e pou lokalize paran ti moun ke leta ap pran swen pou premye evalyasyon yo.

Dokimantasyon an dwe gen ladan you dosye de ajans piblik la kite fe ase efo pou resevwa konsantman parantal, telke :

- Dosye detaye de tout kout telefon yo te fe nan you fason pou kontakte yo epi tou ki rezilta kout telefon yo ;
- Kopi de tout korespondans (let) li te voye bay paran yo e nenpot ki repons ke nou te resevwa ; **e**

- Dosye detaye yo de vizit kite fet lakay paran yo oswa nan kote paran an ap travay e ki rezilta vizit sa yo.

Lot deman konsantman yo

Ou **pa** bezwen konsantman parantal devan you ajans piblik

- Revize done ki ekziste yo kom you pati nan evalyasyon ti moun oswa reevalyasyon ; **oswa**
- Bay pitit ou a you ekzamen oswa lot evalyasyon ke yo bay tout lot ti moun a mwens ke, anvan ekzamen sa-a oswa evalyasyon, fok nou gen konsantman tout paran tout ti moun.

Paske you paran refize konsanti pou you sevis oswa you aktivite, ajans piblik la pa ka nye lot kalite sevis, lot benefis oswa aktivite a paran w oswa a ti moun nan.

Si you paran anrejistre pitit li nan you lekòl prive ak pwop lajan pa yo, you ajans piblik pa ka itilize medyasyon oswa pwosede garanti dwa moun pou determine si ti moun nan kalifye epi tou li pa nesese pou konsidere, peson pa ka gade sou sa pou bay ti moun nan bon jan sevis, si:

- Si paran an pa bay konsantman pou premye evalyasyon oswa reevalyasyon; **oswa**
- Si paran an pa repon a reket pou bay konsantman.

Evalyasyon Edikasyonel Endepandan

Si you paran pa dako avek you evalyasyon ke ajans piblik la te fe, paran an gen dwa pou- l bay you lot moun ki pa travay pou ajans piblik la evalye-l.

Definisyon yo

- Evalyasyon Edikasyonel Endepandan sa vle di ekzamen e pwosede evalyasyon yo ke moun ki kalifye nan branch sa-a e ki pap travay pou ajans piblik la ki responsab pou edukasyon pitit la.
- Depans piblik vle di ke ajans piblik la swa peye an plen depans pou evalyasyon oswa asire ke paran yo fe evalyasyon an san li pa koute yo anyen.

Paran yo gen dwa anba regleman lwa ki anba IDEA pou pran you moun endepandan pou fe Evalyasyon Edikasyonel pitit yo , sa gen rapo avek pwosede anba-a. Ajans piblik la dwe founi paran yo, si paran yo ta mande you moun endepandan pou fe Evalyasyon Edikasyon an, enfomasyon sou:

- Ki kote yo ka jwen moun ki fe evalyasyon endepandan, **e**
- Krite ajans piblik la mande pou evalyate Edikasyonel Endepandan.

Krite ajans piblik la

Kan you moun ki fe Evalyasyon Edikasyonel Endepandan se piblik la ki peye pou sa, krite ke moun ki fe evalyasyon an resevwa, gen ladan kote evalyasyon an ap fet epi tou kalifikasyon yo ke ekzamine a yo genyen, li dwe menm krite you ajans piblik itilize le lap fe you evalyasyon, depi ke krite sa yo konsistan ak dwa paran yo pou you evalyate edikasyonel endepandan. Esepte krite ki dekri anwo yo, You ajans piblik pa dwe enpoze kondisyon yo osno kwonoloji ki an rapo ak jwen you evalyate edikasyonel endepandan kote ke se piblik la kap peye, ajans piblik la dwe, san pedi tan, oswa

Dwa yon paran genyen pou evalyasyon men se piblik la kap peye

Paran yo gen dwa pou yon evalyasyon edikasyonel endepandan ke piblik la se li ki va peye pou sa, ajans piblik la dwe, si paran yo pa ta dako ak yon evalyasyon ke ajans piblik la resevwa. Si paran yo ta fe reket yon evalyasyon edikasyonel endepandan ke se piblik la ki peye pou sa, ajans piblik la dwe, san pa gen oken reta ki pa nésèsè, se swa li:

- Inisye you pwosede odisyon de garanti dwa moun nan dwe apwoprye
- Asire ke gen you evalyate edikasyonel endepandan ke piblik la ap peye-l, a mwens ke ajans piblik la demontre ke evalyasyon li resevwa pa paran yo pat nan nivo krite ajans piblik la.

Si ajans piblik la inisye you odisyon sou dwa moun genyen epi desizyon final apwoprye evalyasyon ajans piblik la apwoprye, paran yo toujou gen dwa a you evalyasyon edikasyonel endepandan, men fok mwens di-w ke piblik la pap peye pou sa.

Si paran yo ta mande ajans piblik la you evalyasyon edikasyonel, ajans piblik la gen dwa pou mande paran yo pou ki sa yo pa dako a evalyasyon ajans piblik la. Sepandan, eksplikasyon paran yo pa nesese, epi ajans piblik la pa gen dwa san rezon pou mete an reta kesyon de bay sevis evalyasyon edikasyonel endepandan se piblik la kap peye pou sa, oswa ajans piblik la pa ka mete an reta odisyon sou garanti dwa a pou defan evalyasyon ajans lan.

Evalyasyon ki inisye pa paran

Paran yo gen dwa pou resevwa pou resevwa you evalyasyon edikasyonel endepandan nan men pwofesyonel ki kalifye ke yo menm yo chwazi, men se paran an kap peye ak lajan nan poch yo. Gwoup IEP dwe konsidere enfomasyon de paran ki mande evalyasyon epi se yo menm kap peye ak lajan nan poch yo, Si li nan nivo krite ajans piblik la, le nenpot desizyon yo ap pran konsenan ti moun nan ak tout respe pou lalwa ki rele FAPE. Rezilta yo ke paran mande evalyasyon prive ka prezante kom prev nan you odisyon sou afe garanti de dwa moun ki gen pou-l we avek ti moun nan.

Reket pou you Evalyasyon pa you Jij Lwa Administratif (ALJ)

Si you jij lwa administrative (ALJ) avek ofis odisyon administrative (OAH) mande you evalyasyon edikasyonel endepandan kom youn nan pati odisyon pou afe garanti dwa moun, pri evalyasyon an dwe peye pa piblik la.

Enfomasyon Konfidansyel

Paran yo gen dwa pou revise dosye pitit yo epi mande ajans piblik la pou korije dosye ti moun yo si yo panse ke dosye a pa korek. Paran yo gen dwa pou konsanti pou bay libete pou yo delivre enfomasyon sou pitit yo, fok mwen di ou se pa nan tout sikonstans yo ka mande konsantman. Paran yo gen dwa pou atan ajans piblik la pou kembe dosye edikasyonel pitit yo konfidansyel epi mande ajans piblik la pou detwi enfomasyon edikasyonel pitit yo le enfomasyon sa yo pa nesese anko.

Definisyon yo

Destriksyon vle di detwi fizik oswa wete enfomasyon ki ka idantifye moun you fason pou enfomasyon an pa disponib pou yo konen ki es moun sa ye pesonelman.

Dosye edikasyon vle di ki tip de dosye ki kouvri anba definisyon d “ dosye edikasyonel yo” nan 34 C.F.R. pati 99 (Regleman oswa lwa yo amelyore dwa edikasyonel fanmi e ak prive [FERPA] de ane 1974).

Ajans ki ka patisipe vle di nenpot ajans oswa enstitisyon ki kolekte, ki kenbe, oswa itilize pesonelman enfomasyon ki ka idantifye moun, oswa moun ka rele ajans lan mande-l enfomasyon, anba pati B de lwa IDEA

Le nou pale de enfomasyon ki ka idantifye moun sa gen ladan:

- Non ti moun nan, paran ti moun nan, oswa lot manm fanmi an ;
- Adres ti moun nan;
- You bagay pesonel ki ka idantifye-l, pa ekzamp nimewo sosyal; oswa
- You lis de karakteristik pesonel oswa lot enfomasyon ki ka ran li posib pou idantifye ti moun nan avek asirans ki rezonab.

Sofgad yo

Tout ajans ki patisipe yo dwe pwoteje reg konfidansyalite a sou enfomasyon pesonel ki ka pemet yo idantifye you moun nan koleksyon, kote yo kenbe enfomasyon, kote yo revele enfomasyon, nan etap destriksyon yo. An plis de deman yo de pwosede sofgad yo, regleman yo, lwa eta epi federal yo gouvène pwoteksyon dosye edikasyonel la. Tout pesonel ajans piblik ki ranmase oswa itilize enfomasyon ki ka idantifye pesonelman dwe resevwa antrenman sou kouman pwosede yo epi tou ki regleman yo Eta a swiv sou zafe konfidansyalite de enfomasyon ki ka pesonelman idantifye moun. Pou enspekson piblik, chak ajans ki patisipe dwe kenbe you lis nef de nan ki pozisyon e non moun yo ki ap travay pou ajans lan ki gen akse a enfomasyon pesonelman idantifyab.

Konsantman

Ajans piblik la dwe resevwa konsantman paran anvan pou delivre enfomasyon ki ka idantifye moun a lot endividi ki pa youn nan ajans ofisyel ki ranmase oswa itilize enfomasyon anba lwa ki rele IDEA, oswa pou nenpot lot bi ki pa gen anyen pou we ak founi reket sou re-inyon yo pou founi a ti mon ki gen you andikap sa kouvri anba lwa FAPE anba IDEA tou. Delivre adres a moun ki plase pou ranfose la lwa, epi tout otorite la jistis yon an ka kote pou yo ta rapote you krim ki fet pa you ti moun ki andikape, nan you ka konsa nou pa bezwen konsantman paran depi ke sa otorize pa lwa ki rele FERPA.

Si pa genyen konsantman paran an, you ajans edikasyonel oswa enstitisyon pa dwe delivre enfomasyon de dosye edikasyonel a nenpot ajans ki patisipe yo, a mwens ke lwa ki rele FERPA bay otorizasyon. MSDE develop pwosede yo, regleman yo pou ajans piblik yo, nan sa te gen ki sanksyon yo ka pran tou, Eta a itilize men MSDE a kom you sot de polis pou asire ke yo swiv pwosede yo ak regleman yo, tout reket yo pou kenbe konfidansyalite anba lwa IDEA ak FERPA dwe respekte.

Yo mande pou tout ajans piblik yo gen pwosede yo an plas nan koman ke yap fe paran yo jwen not ase valab ki ka bay paran yo tout enfomasyon sou reket konfidansyalite ak enfomasyon pesonelman ki ka pemet yo idantifye you moun, sa gen ladan:

- Deskripsyon ke not la, yo bay moun yo nan lang natif natal yo nan tout Eta-a kelke swa vale gwoup ki nan popilasyon an;
- Deskripsyon ti moun yo ke nou pral kenbe enfomasyon ki ka pemet yo idantifye yo, epi tou ki tip de enfomasyon yap chache;
- You ide de pwosede yo e pi de regleman yo ke ajans ki patisipe yo dwe respekte konsenan depoze enfomasyon you seri de kote, delivre enfomasyon a you twazyem pati, nan kesyon konsevasyon epi destriksyon tou de enfomasyon pesonelman ki ka fey o idantifye you moun;
- Deskripsyon de pwosede epi regleman yon an ka ke you paran ta refize bay konsantman; epi
- Deskripsyon de tout dwa paran yo epi ti moun yo konsenan enfomasyon sa a, sa gen ladan tou lwa ki nan FERPA epi tout regilasyon ki mache avek yon an 34 C.F.R. 99

Anvan nenpot gwo idantifikasyon, lokasyon, oswa aktivite evalyasyon, not la dwe pibliye oswa anonse nan jounal oswa nan nenpot lot medya, oswa tou le de a la fwa, avek ase sikilasyon nan tout jiridiksyon an (komin nan) kote aktivite a pral fet

Akse Dwa yo

Chak ajans piblik pral pemet paran yo pou enspekte epi fe revizyon nenpot dosye edikasyonke yo genyen ki an rapo ak pitit yo, dosye ke yo kenbe, oswa itilize pa ajans piblik la konsenan idantifikasyon, evalyasyon epi plasman edikasyonel ti moun, epi pwovizyon lwa FAPE. Ajans piblik la dwe repon a you reket san li pa pran dele ki pa

menm nesese epi anvan nenpot kel re-inyon ki gen pou we ak IEP, oswa nenpot odisyon de dwa garanti moun, apre ke reket la te fin fet, nan you espas ki pa plis ke 45 jou, apre ke reket la te fin fet.

Dwa paran pou enspekte epi revise dosye edikasyonel yo anba seksyon sa gen ladan dwa paran a:

- You repons de ajans piblik la a reket rezonab yo pou eksplikasyon yo epi entepretasyon de dosye yo;
- You reket ke ajans piblik la bay kopi dosye, si pa gen kopi ki bay sa va anpeche paran yo pou ekzese dwa yo pou enspekte epi revize dosye yo ; epi
- Gen reprezantan paran an enspekte epi revize dosye yo.

You ajans piblik ka panse ke paran yo gen otorite enspekte epi revise dosye yo an relasyon ak ti moun yo a mwens ke ajans piblik la te fe-w konen ke you paran pa gen otorite anba lwa aplikab Eta a ki gouvène kom gad, separasyon, epi divos.

Dosye de akse

Chak ajans piblik dwe kenbe dosye endividyel, apa de paran yo epi anlwaye ki otorize yo de ajans piblik yo, resevwa epi pran akse a dosye edikasyon, kenbe, oswa itilize anba pati B de la lwa IDEA, ladan gen non endividi a, dat ke yo te bay akse, epi tou pou ki bi ke endividi a otorize pou-l itilize dosye yo. Si nenpot dosye edikasyon gen ladan enfomasyon de plis ke you ti moun, paran ti moun sa yo gen dwa pou enspekte epi revize selman enfomasyon ki an rapo ak ti moun pa yo selman oswa yo ka gen akse a kek enfomasyon espesifik. Si paran yo ta mande, chak ajans piblik yo dwe bay paran yo, you lis de tip epi nan ki lokasyon yo pran dosye edikasyon, ki kote yo kenbe yo, oswa itilize pa ajans piblik. Chak ajans piblik dwe chaje you fre pou kopi dosye edikasyon ke yo fe pou paran yo, si chaj sa a pa anpeche paran an pou ekzese dwa-l pou enspekte e revize dosye sa yo. Ajans piblik la pa dwe chaje you fre pou fe rechek oswa pou pran enfomasyon sou dosye edikasyon yo.

Amandman dosye yo si paran an ta mande sa-a

Si you paran ta kwe ke enfomasyon ke yo ranmase mete nan dosye edikasyon yo, kenbe, oswa itilize anba la lwa IDEA pa gen verite ladan oswa li gen magouy ladan oswa li vyole enfomasyon prive ti moun nan, oswa lot dwa yo, paran an ka mande ajans piblik la ki kenbe enfomasyon yo, pou fe amandman ladan. Ajans piblik la va deside si se pou-l amande enfomasyon an dapre reket paran an nan you peryod de tan ki rezonab de le ke yo te resevwa reket la. Si ajans piblik la refize amande enfomasyon an konsenan reket la, li va enfome paran an de refi-a epi bay paran yo konsey ke yo gen dwa pou mande you odisyon you fason pou kontrekare enfomasyon ki nan dosye edikasyonel yo. Le sa-a va gen you odisyon pou kontrekare enfomasyon ki nandosye edikasyonel la, sa dwe fet dapre jan lalwa FERPA mande sa ke nou jwenn nan pwosede 34 C,F,R, 99.22.

Si gen reket ki fet pa paran an, ajans piblik la dwe, bay paran an opotinite pou you odysyon kote lap gen chans pou kontrekare enfomasyon nan dosye edikasyonel you fason pou ka montre yo ke li pa san presizyon vre jan yopanse-a, li pa gen magouy, oswa li pa vyole dwa prive ti moun nan ou byen lot dwa yo ti moun nan genyen. Ajans piblik la dwe amande enfomasyon dapre jan sa dwe fet apre sa yo dwe mete paran yo an konesans de amandman an a lekri. Si apre odysyon an ajans piblik la deside ke enfomasyon an pa san presizyon ou nan magouy, oswa an vyolasyon avek dwa prive ti moun nan, ou byen lot dwa li yo, li va enfome paran yo de dwa yo genyen pou plase nan dosye yo ke yo kenbe sou pitit yo, you fraz, you komante sou enfomasyon an oswa regle a lavans nenpot ki rezon ki fe nou pa dako avek desizyon ajans piblik la. Nenpot ki eksplikasyon ki plase nan dosye yo sou pitit ou dwe :

- Rete nan dosye ajans piblik la kom pati nan dosye ti moun nan toutotan ke dosye a la, oswa pati kite konteste a rete nan ajans piblik la; e
- Revele eksplikasyon a nenpot pati ki mande eksplikasyon sou dosye ti moun nan oswa pati ki te konteste-a

Pwosedidestriksyon enfomasyon

Le ajans piblik la ranmase enfomasyon ki ka idantifye moun, kenbe enfomasyon, ou byen itilize enfomasyon, la lwa mande-l pou-l enfome paran yo anba lwa IDEA le yo pa bezwen enfomasyon sevis edikasyonel sa yo anko pou ti moun nan. Paran an yo dwe mande pou yo detwi enfomasyon yo. Sepandan, you dosye pemanan de non ti moun nan, adres li e telefon li, nan ki klas ti moun nan ye, dosye atandans li, tout klas ke li fe lekol la, ki klas ke li fini, e ane ke li fini bagay sa yo dwe kenbe san limitasyon tan.

Dwa ti moun yo

Anba regleman yo pou FERPA dwa paran yo konsenan dosye edikasyon ti moun dwe transfere a ti moun nan kou li gen laj 18 tan, a mwens ke domaj ti moun nan fe pa gen oken konpetans dapre jan lwa Eta-a dekri-l. Anba pati B de la lwa IDEA transfere a pitit la ki rive nan laj maje, dwa yo ki an rapo avek dosye edikasyonel sa yo tou dwe transfere a pitit la tou. Fo-m ka di-w tou ke ajans lan, ajans lan dwe bay ni pitit la ni paran an nenpot not ke la lwa IDEA mande pou bay. Tanpri souple fe referans a “Transfe dwa paran a laj maje” pou enfomasyon ki pi ekzat.

Enfomasyon sou bay Disiplin

You ajans piblik ka mete nan fraz dosye pitit la nenpot aksyon discipline tou nef oswa sa ki deja pase, aksyon kit e deja pran kont ti moun nan yo ka transmet li nan enfomasyon discipline-a; Nan menm pwen de vi enfomasyon discipline sa- a li nan paket la epi tou li dwe transfere avek dosye ti moun ki pa andikape yo. Nan fraz la yo ka mete you deskripsyon de nenpot ki enfomasyon ki aplike a sitirasyon an ke ti moun ki bezwen aksyon discipline a bezwen, you deskripsyon de aksyon discipline a ke yo pran kont li epi nenpot lot enfomasyon ki an rapo ak sekirite pitit la epi lot endividi ki mele nan la vi pitit la. Si pitit la transfere de you lekol a you lot, le yo transmet dosye pitit la li dwe gen ladan

tou de IEP sa tou nef la dwe ladan-l epi tou si li gen aksyon disipline tou nef yo pran kont li epi tou si li gen aksyon disipline ke yo te pran kont li anvan tou.

Disiplin pou ti moun yo ki andikape

Paran yo gen dwa pou kek pwosede espesifik e pwoteksyon tou si ajans piblik la pran kek mezi disipline kont pitit yo. Ajans piblik la dwe bay sevis edikasyonel a ti moun yo, apre ke yo te retire ti moun sa nan lekòl la pou pi plis pase 10 jou lekòl nan yon kalandrye eskòle pou yon vyolasyon osnon plizye vyolasyon kod kondwit etidyan an.

Definisyon yo

Pou pati sa a, definisyon mwen pral bay yo tou tale aplike ak yo :

- Sibstans kontwòle vle di you dwog oswa sibstans ki idantifye anba previzyon I, II, III, IV, V nan seksyon 202© sa soti nan lalwa ki rele ak sibstans kontwòle (21 U.S.C. 812©).
- Dwog ilegal vle di you sibstans kontwòle, men ki pa gen ladan you sibstans ki legalman posede oswa itilize anba pemisyon anba swen pwofesyonel you moun ki gen lisans oswa li posede legalman oswa itilize anba sipevizyon nenpot lot otorite sa kouvri anba lalwa IDEA oswa anba nenpot lot pwovizyon de la lwa federal.
- Zam gen siyifikasyon tem yo bay ‘zam danjere’ sa kouvri anba paragraf (2) sa soti anba atik (g) de seksyon 930 de tit 18 kod Etazini.
- Domaj serye nan ko vle di you domaj nan ko ki gen anpil chans risk lanmo, doule nan ko ki a lekstrem, defigire pwolonje epi evidan, you pet twoub ki la pou lontan de fonksyon manm ko-a, de you ogan, de you fakilte mantal (18 U.S.C.13645 (h)(3)).

Otorite pesonel lekòl la

Pesonel lekòl la gen dwa pou mete deyo you ti moun ki andikape ki vyole kod kondwit la pou plis pase 10 jou lekòl a you tan de chak vyolasyon, dapre polis disiplin lekòl la ke nou itilize pou tout ti moun, a mwens ke li detemine ke mete deyo sa konstitye you chanjman nan plasman de plasman kounye a li ye a :

- Kad edikatif altenatif pwovizwa ;
- You lot kad ; oswa
- Sispanasyon.

Le nou mete deyo (pou 10 jou oswa mwens nan you sel tan) le ou mete tout ansanm li ba-w plis ke 10 jou nan you ane lekòl, gwoup IEP ti moun nan detemine ki vale tan sevis ki va pemet pitit ou patisipe nan pwogram general epi travay ve bi IEP li yo.

Pesonel lekòl ka konsidere sikonstans espesyal yo tou depan jan ka yo prezante devan yo nan detemine si dwe gen chanjman apwoprye pou you ti moun ki gen andikap ki vyole

kod kondwit la. Chanjman plasman gen ladan mete deyo pou plis de 10 jou youn deye lot oswa you seri de mete deyo ki konstitye you abitud. Kan rezilta aksyon disipline gen kom rezilta you chanjman de plasman, ajans piblik la va bay not de dat desizyon an e li dwe gen ladan pwosede dokiman sofgad la.

Manifestasyon deteminasyon

Nan you espas de 10 jou lekol de nenpot desizyon pou chanje plasman paske te gen you vyolasyon de kod kondwit, paran an avek gwoup IEP ti moun nan dwe revize tout enfomasyon apwoprye yo nan dosye ti moun nan, ladan tou nou bezwen IEP a, nenpot obsevasyon ke pwofese fe epi tou nenpot enfomasyon apwoprye ke paran yo ta ban nou, pou detemine si kondwit li genyen an :

- Si kondwit sa a gen relasyon oswa si li gen you efe direk ou byen se sa ki lakoz paske li andikape ; oswa
- Rezilta direk paske ajans piblik lan pa amelyore IEP ti moun nan.

Si gwoup IEP a detemine ke you nan de pwen nou sot fe anle a li aplike, kondwit la va determine ke se you manifestasyon de andikap ti moun nan.

Si kondwit la se you manifestasyon de andikap ti moun nan, gwoup IEP a dwe :

Fe you evalyasyon dabitid kondwit fonksyonel, si ajans piblik la pat ko fe sa, li dwe fe you plan entevansyon amelyorasyon abitud pou ti moun nan.

Fe revizyon plan entevansyon abitud, si li deja gen plan sa a, sempleman modifye li jan sa nesese pou ka ede-l kote li bezwen an ; epi

Retounen ti moun lan nan plasman kote yo te wetire-l la, a mwens ke paran yo avek ajans piblik la dako pou fe you chanjman de plasman kom pati pou modifye plan entevansyon abitud ti moun nan. A mwens ke ti moun sa a yo te mete-l deyo pou-l te ka al nan Kad edikatif altenatif pwovizwa pou dwog, pou zam, oswa domaj nan ko ki serye.

Si abitud la pa you manifestasyon de andikap ti moun nan, pesonel lekol la ka bay ti moun nan you disiplin menm jan avek lot ti moun yo, sel bagay yo dwe kontinye bay ti moun nan sevis edikasyonel apwoprye.

Chanjman plasman

Le yo mete you ti moun deyo pou plis pase 10 jou, sa ap gen kom rezilta you chanjman de plasman, kelkeswa abitud la se you manifestasyon de andikap la, oswa le yo mete you ti moun deyo a you kad edikatif altenatif pwovizwa (IAES) pou dwog yo, pou zam oswa domaj serye nan ko, ti moun nan kontinye resevwa sevis ki ka rann li kapab kontinye patisipe nan pwogram edikasyon general kwake nan you lot pwogram epi dwe gen pwogre bi ke nou te mete nan IEP a. Ti moun nan dwe resevwa tou, you evalyasyon fonksyonel dabitid epi li dwe resevwa sevis entevansyon dabitid epi modifikasyon ki

deziye pou repon a vyolasyon abitud you fason pou sa pa rive anko. Gwoup IEP a va detemine sevis apwoprye epi lokasyon kote ke yo pral bay sevis la.

Kad edikatif altenatif pwovizwa

Pesonel lekòl la ka mete you ti moun deyo pou voye li nan kad edikatif altenatif pwovizwa pou jiska 45 jou lekòl san ega pou ke konpotman an detemine ke se manifestasyon andikap ti moun nan, nan ka yo kote ti moun nan :

Pote oswa posede zam nan lekòl la, ou byen nan lakou lekòl la, ou byen nan you fonksyon lekòl la anba jiridiksyon Eta-a oswa anba ajans piblik lokal ;
An tout konesans pote oswa itilize dwog, ou byen vann oswa mande pou vann sibstans kontwòle, pandan ke ou lekòl, le ou sou pwopryete lekòl la, oswa nan nenpot fonksyon lekòl anba jiridiksyon Eta a ou byen ajans piblik lokal ; **oswa**
Pandan ou lekòl la, oswa sou pwopryete lekòl la, oswa nan fonksyon lekòl la anba jiridiksyon you Eta ou byen anba ajans piblik lokal, si ou fe you zak sou you moun, kote ou blese moun nan seryezman.

Apel Aksyon Disipline

Si paran pa dako avek you desizyon konsenan deteminasyon manifestasyon oswa nan nenpot desizyon konsenan plasman pou rezon disipline yo, paran yo ka ranpli you plent sou afe garanti dwa avek odizyon yo Ofis Administratif (OAH) e ajans piblik la. Si ajans piblik la kwe ke kenbe plasman tou nef ti moun nan li ki ka fe swiv domaj a ti moun nan ou byen a lot moun, ajans piblik la ka ranpli you plent pwosede garanti de dwa avek OAH epi paran yo.

You Jij Lwa Administratif (ALJ), swiv pwosede yo ki dekri nan 'Rezoud dezagreman yo' seksyon nan dokiman sa, kondi pwosede odizyon garanti dwa. Odizyon an dwe fet nan 20 jou lekòl de dat plent garanti de dwa a te ranpli epi li dwe gen kom rezilta deteminasyon nan 10 jou lekòl apre odizyon.

Le ou fe you deteminasyon nan you appel disipline, ALJ a kapab :

Retounen ti moun nan nan plasman kote ke yo te wete-l la ; oswa

Komande you chanjman nan kesyon plasman ti moun nan a you kad altenatif edikasyonel pwovizwa pou pa plis ke 45 jou si ALJ a determine pou kenbe plasman tou nef ti moun nan ki posib li ka donmaje ti moun nan oswa lot yo.

Le yo mande you plent sou afe garanti dwa ke se swa pa ajans piblik la osinon pa paran yo, ti moun nan kad edikasyonel altenatif pwovizwa ak you desizyon ki sou balan de ALJ oswa jiska ekspirasyon peryod tan an (pa plis ke 45 jou lekòl) Kelkeswa sa ki rive anvan a mwens ke paran ak ajans piblik la fe lot ako.

Pitit Ki Pa Ko Detemine Kalifye

Ti moun ke yo pako detemine ki kalifye pou edikasyon espesyal epi ki tonbe ap bay pwoblem bagay ki vyole regleman yo ou byen kod kondwit ka afime nenpot nan pwoteksyon ke yo bay yo, Si ajans piblik la te konen ke ti moun nan te gen you andikap anvan ke li te bay pwoblem nan. Ajans piblik la gen konesans si, anvan-l te bay pwoblem nan ki gen kom rezilta aksyon disipline rive :

Paran yo te fe konen a lekri, a pesonel administrative epi sipevize de ajans piblik la, oswa si yo te mande sa a pwofese pitit la ; ke pitit yo bezwen edikasyon espesyal epi sevis ki mare ak edikasyon an,

Si paran yo mande you evalyasyon ; oswa

Pwofese ti moun nan ou byen lot pesonel lekol la eksprime direkteman a direktè edikasyon espesyal la oswa lot pesonel supevize de ajans piblik la, ke gen bagay espesifik ki konsene yo dapre jan ti moun nan ap aji.

Ajans piblik la pa konsidere ke yo an konesans koz la si :

- Paran yo refize pemet ajans piblik la pou evalye pitit yo ;
- Paran yo refize pemet ajans piblik la pou bay sevis edikasyon espesyal ; oswa
- Yo te evalye ti moun nan epi yo te detemine ke li pa you ti moun ki gen andikap anba lalwa IDEA.

Si ajans piblik la pa gen konesans ke ti moun nante gen you andikap anvan ke yo te ba li aksyon disipline a, ti moun nan ka pase anba men mezi ti moun ki pa gen andikap yo epi ki bay menm kalite pwoblem ti moun pa-w bay la.

Si you paran fe reket pou you evalyasyon pandan espas ke pitit yo sije a mezi discipline yo, yo dwe ekspedye evalyasyon an. Rezilta yo rete sou balan men ti moun nan rete nan plasman edikasyonel kote otorite lekol la yo te plase-l la. Si dapre evalyasyon ajans piblik la epi enfomasyon ke paran yo bay, Yo determine ke ti moun nan gen you andikap, Ajans piblik la dwe bay edikasyon espesyal a ti moun sa-a epi tout lot sevis ki makonen avek sevis sa-a epi tout lot pwosede sofgad yo konsenan disiplin pou ti moun ki gen andikap.

Referans a epi Aksyon Moun ki ranfose la Lwa yo e otorite ki bay Jistis yo

La lwa IDEA pa anpeche ajans piblik pou rapote you krim a otorite ki apwoprye yo, epi a moun ki ranfose la lwa yo. Otorite jidisyè yo ka ekzese responsabilite yon an fason ke yo aplike la lwa federal epi la lwa Eta a sou ti moun andikape ki fe krim. Nenpot ajans ki rapote you krim dwe remet kopi edikasyon espesyal ak dosye disipline a otorite apwoprye pou jiska le ke la lwa COMAR 13A.08.02, dosye etidyan an, avek konsantman paran an, oswa selon esepsyon presi paran ki nan reg la lwa a.

Plasman kote Paran de pitit yo nan lekol prive, men se piblik la kap peye pou sa

La lwa IDEA pa ekzije you ajans piblik pou peye pri edikasyon, menm edikasyon espesyal ak tout lot sevis ki mare sosis ak yo, de you ti moun ki gen you andikap nan you lekòl prive, si ajans piblik la mete you edikasyon piblik gratis apwoprye, sa rele an abrevyasyon (FAPE) li disponib men paran yo chwazi pou voye pitit yo nan lekòl prive.

La lwa IDEA a pa ekzije you ajans piblik la pou peye pri edikasyon, sa gen ladan edikasyon espesyal ak tout lot sevis ki makonnen ave-l, de you ti moun ki gen andikap a you lekòl prive si ajans piblik la mete disponib you edikasyon piblik gratis apwoprye, sa rele an abrevyasyon (FAPE) li disponib men paran yo chwazi pou voye pitit yo nan lekòl prive. Sepandan, ajans piblik la pral mete ti moun sa a nan popilasyon ti moun yo ki plase nan lekòl prive yo pa paran yo, selon regleman federal yo. Si ta gen dezagreman ant ajans piblik la ak paran yo konsenan disponibilite de FAPE epi responsabilite finans bagay sa a sije a you odisyon sou pwosede plent garanti dwa moun anba la lwa IDEA, tanpri souple 'Rezoud dezagreman yo' pou plis enfòmasyon espesifik.

Si you ti moun avek andikap te kon resevwa edikasyon espesyal ak tout lot sevis ki mare ak edikasyon espesyal yo anba otorite de you ajans piblik, epi paran yo al anrejitre ti moun yo nan lekòl matenel, elemante, oswa lekòl segonde san konsantman oswa avek referans ajans piblik, You ALJ oswa you tribinal, ka mande ajans piblik la pou ranbouse paran yo pri ke yo te peye pou anrejistre a, si you ALJ oswa you tribinal jwen ke ajans piblik la pat mete FAPE disponib a tan pou ti moun yo anvan anrejistremant epi plasman prive sa a li apwoprye. You ALJ ou byen you tribinal ka jwen plasman parantal la apwoprye menm le ke li pa rive lan kalifikasyon nivo Eta a ki aplike a edikasyon pa ajans piblik yo.

Limitasyon sou remet lajan

Yo ka wete nan lajan kite peye a oswa yo ka pa menm ba ou anyen dapre sa ALJ oswa tribinal la di si:

- Nan denye gwoup re-inyon IEP paran yo te asiste anvan ke yo te wete pitit yo nan lekòl piblik si yo paran yo pat enfome gwoup IEP ke yo te rjete plasman ke ajans piblik la te pwopoze yo pou te bay yo FAPE, ladan gen kisa ki bay yo pwoblem epi tou entansyon yo pou yo al anwole piti yo nan lekòl prive ke se piblik la kap peye pou sa ; oswa
- O mwens dis (10) jou bisnis (ladan nenpot jou bisnis ki nan jou konje) anvan ke paran yo te wete pitit yo nan lekòl piblik, paran yo pat bay ajans piblik la not a lekri de entansyon yo pou wete ti moun nan, ladan bagay ki konsene plasman piblik pitit yo ; oswa
- Si anvan paran yo te wete pitit yo de lekòl piblik, ajans piblik la enfome paran yo, de pa not a lekri anvan reket de entansyon pou evalye ti moun yo (ladan gen you fraz de bi evalyasyon ki apwoprye epi rezonab) men paran yo pat mete ti moun yo diponib pou evalyasyon ; oswa
- Le otorite jidisyè yo jwen li derezonab pa rapo a aksyon paran yo
- Malgre kondisyon yo reket not dekri anwo a, pri pou remet lajan kite depanse:

- Pa dwe redwi oswa refize a koz paran yo pat bay not, si:
 - Ajans piblik anpeche paran yo pou bay not la,
 - Paran yo pat resevwa not a lekri, sa kouvri anba la lwa IDEA sou afe deman not yo dekri anwo a,
 - Konfom ak kondisyon not yo kapab genyen kom rezilta domaj fizik a ti moun nan, epi
- Tribinal la ou byen ALJ ka decide , pou pa redwi oswa refize paske pa gen not kite bay si:
 - Paran yo pa kon li epi yo paka ekri an angle, oswa
 - Konfom ak not menm jan sa dekri anwo a gen posibilite sa ka genyen kom rezilta ka bay you pwoblem emosyonel serye a ti moun nan.

Transfe Dwa Paran yo le ti moun rive nan laj maje

Nan Mariland, dwa paran yo pa transfere a ti moun yo ki gen andikap le yo rive nan laj maje e septe nan kek sikonstans limite.

Anba la lwa Maryland, nan kek sikonstans limite, tout dwa yo bay paran yo anba la lwa IDEA a va transfere a you pitit ki andikape. Transfe sa a fet le ti moun sa a rive nan laj 18 tan , si ti moun sa a pat ko declare enkonpetan anba la lwa Eta a **epi** gen dokiman ke :

- Paran yo pa diponib oswa nou pa kon kiyes ki paran yo epi ti moun sa a ta mande pou yo transfere dwa paran yo transfere a li menm pase pou yo ta ba li you paran pou ranplase pa-l yo.
- Paran yo pa patisipe nan pwosede desizyon ki pran sou zafe edikasyon espesyal ti moun nan malgre ajans lan fe anpil efo ane pase pou fe paran an patisipe ;
- Paran yo refize afimativman pou patisipe nan pwosede fe desizyon pou edikasyon espesyal ti moun nan.
- Paran an pa ka patisipe nan pwosede fe desizyon pou edikasyon espesyal ti moun nan paske yo admet li lopital pou lontan ou byen li nan you enstitisyon yo kenbe-l pou lontan la, si li gen you maladi tre serye, si li gen you enfimite de youn oswa tou de paran yo epi paran yo konsanti pou transfere dwa a pitit la ;
- Paran yo pa ka patisipe nan pwosede fe desizyon pou edikasyon espesyal a koz kek sikonstans ekstraodine ki pa anba kontwol nou, epi paran yo konsanti pou dwa ti moun nan transfere a li menm; **oswa**
- Ti moun nan ap viv andeyo kay paran li yo epi li pa anba swen, anba gad oken lot ajans piblik.

Si paran you ti moun ki andikape, ti moun sa-a abite ak paran yo, yo pa konsanti pou transfer dwa-a fet le ti moun nan gen 18 tan, epi ti moun sa a pat ko deklare enkonpetan dapre jan la lwa Eta a dekri li, nenpot lan pati yo ka ranpli you plent ki gen pou we avek garanti dwa pou determine eske fok dwa yo transfere.

Si you ti moun avek you andikap te reprezante pa you paran ke yo ba li dapre jan la lwa Eta a epi la lwa federal la yo ak tout regilasyon yo, Ajans piblik la dwe bay you not a

lekri bagay sa se la lwa federal yo ak Eta yo, ak regilasyon yo ki mande pou-l fet konsa, pou tou le de paran an ke yo bay ti moun nan avek ti moun nan li menm. Tout lot dwa yo bay pemisyon a paran yo bay ti moun nan, sa kouvri anba la lwa IDEA va transfere a ti moun nan, men se si ti moun nan pat deja declare enkonpetan dapre jan la lwa Eta a dekri sa **epi** si ti moun nan mande pou yo transfere dwa a bay li.

Rezoud Dezagreman yo

Pwosede mwen pral mansyone la yo dekri pwosede ki disponib a paran ak ajans piblik yo pou rezoud dezagreman yo konsenan pwogram edikasyon espesyal ti moun epi tout lot sevis ki mare ak yo. Nan opsyon yo, gen ladan medyasyon, Plent Eta-a, ak plent garanti dwa moun.

Medyasyon

Medyasyon se you pwosede ki ka itilize pou rezoud dezagreman yo ant paran you ti moun ki gen andikap ak ajans piblik ki responsab pou fe edikasyon ti mou nan.

You anplwaye ki soti nan Ofis Odisyon Administratif (OAH) ki kalifye epi antrene nan teknik medyasyon efektif va kondi medyasyon an. Moun sa a ke OAH chwazi a pap genyen you konfli entere pesonel oswa pwofesyonel (li pap you zanmi youn nan nou, li pap nan patipri)

- Nan medyasyon an, paran pap peye senk kob, ajans piblik la ki responsab pou bay edikasyon a ti moun nan tou, pap peye anyen; menm you re-inyon pou ankouraje paran yo al nan medyasyon.
- You reket pou medyasyon fet pou ajans piblik la ki responsab pou edikasyon ti moun nan epi OAH. Pou asiste paran yo nan ranpli reket pou medyasyon gen you fom nan ajans piblik la epi tou ou ka jwen san an MSDE nan sit web la: www.marylandpublicschools.org. Si ou bezwen plis asistans, kontakte ajans piblik Ofis Edikasyon Espesyal ou byen MSDE nan Divizyon Edikasyon Espesyal/ Sevis Entevansyon bone nan nimewo sa a: (410) 767 7770.
- Paran yo epi ajans piblik la ka akonpaye epi jwen konsey pa you avoka pandan medyasyon.
- Yo ka fe medyasyon an nan you peryod de 20 jou depi li te resevwa resi ekri de reket nan you lokasyon ki ap bon ni pou paran yo ak ajans piblik la tou.
- Pwosede medyasyon an fet an prive. Diskisyon ki fet nan medyasyon dwe konfidansyel epi sa pa ka sevi kom prev nan nenpot odisyon garanti dwa oswa nan you aksyon sivil. Paran yo oswa ajans piblik yo ka mande yo pou siyen you papye pou respekte konfidansyalite anvan ke yo te komanse medyasyon.
- Si pati yo tonbe dako nan medyasyon an, yo dwe gen you ako ki a lekri ke nenpot tribunal Eta a ki gen otorite pou tande ka sa yo ou byen nan tribunal distri federal.
- You ajans piblik pa dwe itilize medyasyon pou nye oswa trennen konsenan dwa odisyon plent garanti dwa ke paran yo genyen.

Re-inyon Pou Ankouraje Medyasyon

You ajans piblik ka ofri paran yo, ki pa dako pou yo itilize pwosede medyasyon, pou rankontre nan you lokasyon ki pap deranje paran yo, pou eksplike ki benefis pwosede medyasyon an gen ladan epi ankouraje paran yo pou itilize pwosede a ki disponib pou yo.

Diferans ant you Plent Eta epi you Plent sou afe Garanti Dwa Moun

An plis de medyasyon an, paran yo gen dwa pou itilize pwosede plent Eta a oswa pwosede plent garanti dwa moun nan pou rezoud dezagreman avek ajans piblik la. Opsyon sa yo gen diferan regleman ak pwosede ladan yo. Regleman IDEA yo gen pwosede separe pou plent Eta yo ak plent pou pwosede zafe garanti dwa moun. Jan nou va eksplike sa pi ba, nenpot endividi ou byen oganizasyon ka ranpli you plent kont Eta fe konen ke gen vyolasyon nan sa ke IDEA mande a you ajans piblik. Selman you paran oswa you ajans piblik ki ka ranpli you plent pou odisyon garanti dwa sou nenpot kel bagay ki gen pou we ak idantifikasyon, evlyasyon ou byen you plasman edikasyonel you ti moun ki gen you andikap oswa sou afe edikasyon piblik gratis apwoprye a ti moun nan ki kouvri anba la lwa FAPE.

Pesonel MSDE generalman dwe rezoud plent Eta nan you espas 60 jou kalandrye kwonoloji, a mwens ke yo pwolonje kwonolji jan sa dwa. You ALJ dwe tande plent sou afe garanti dwa (Si sa pa rezoud pa you re-inyon rezolisyon oswa pa medyasyon) epi gen you desizyon a lekri nan you espas de 45 jou kalandrye apre la fen peryod rezolisyon an a mwens ke ALJ bay you pwolonjeman espesifik de kronoloji dapre deman paran an fe oswa dapre reket ajans piblik la.

Pou you apesi general ak you konparezon de opsyon sa yo, gade dokiman ki ave-l.

Plent Eta a

Endividyel ak oganizasyon yo gen dwa pou ranpli you plent Eta a avek Depatman Edikasyon Eta Maryland (an abrevyasyon yo rele sa (MSDE)). Afen ke Eta a fe you envestigasyon, plent ekri a dwe rankontre kek krite espesifik jan sa mande pou fet nan regleman lwa IDEA yo.

Si you endividi ou byen you oganizasyon kwe ke ajans piblik vyole la lwa federal oswa la lwa Eta a konsenan deman edikasyon espesyal ou byen you ajans piblik pa mete an aplikasyon you odisyon desizyon pwosede garanti dwa moun, you plent Eta a ka ranpli. Plent sa ou ka ranpli nan MSDE epi ou dwe mete-l nan adres Assistant State Superintendent, Division of special Education/ Early intervention Services, MSDE, 200 West Baltimore Street, Baltimore, MD 21201. Oganizasyon an oswa Eta ki ranpli plent Eta a nan MSDE dwe voye tou you kopi plent lan a ajans piblik la nan menm moman. Nan ranpli plent lan si ou bezwen asistans, pwosede an detay ak fom disponib sou sit entenet MSDE nan www.marylandpublicschools.org ou byen rele Division's Complaint Investigation ak branch garanti dwa a nan nimewo : 410-767-7770.

Plent Eta a dwe gen ladan :

You fraz ke ajans piblik la vyole you deman de lwa ak regleman Eta ak federal ;
Rezon yo, sou sa fraz la baze ;
Syati ak enfomasyon kontak moun nan ki ranpli plent Eta a ou byen oganizasyon ki
ranpli a ; ak
Si you plent Eta a di ke gen you vyolasyon espesifik de you ti moun.

- Non ak adres kote ti moun nan abite;
- Non lekòl la ke ti moun nan ale ;
- Nan ka ke se you ti moun oswa you jen ki pa gen kay, nou bezwen enfomasyon kontak disponib pou ti moun nan, epi non lekòl kote ti moun nan ale;
- You deskripsyon nati pwoblèm ti moun nan, ladan nap bezwen konnen rezon ou fe pwoblèm lan ; epi
- You pwopozisyon rezolisyon pwoblèm nan ki dire pwopozisyon sa dwe disponib epi tou pati a dwe konnen nan moman plent Eta a te ranpli.
- You plent Eta dwe fe soti you vyolasyon ki te rive pa plis ke you ane anvan ke Eta a te resevwa plent lan. MSDE dwe bay you rezilta nan 60 jou kalandrye de le yo te resevwa resi plent Eta a, epi yo ka pwolonje 60 jou kronik lan si :
 - Sikonstans esepasyonel ekziste konsenan you plent patikilye ; oswa
 - Paran an ak ajans piblik ki an afe a dako volonteman pou pwolonje tan pou medyasyon ou byen lot rezolisyon dispit altenatif.

Pou pipiti, MSDE va :

- Al fe you investigasyon endepandan nan plas la, si sa sanble nesese ;
- Bay moun ki fe plent lan opotinite pou soumèt enfomasyon an plis, ke se swa a lekri oswa a loral sou kesyon plent Eta a ;
- Revize tout enfomasyon enpotan epi fe you deteminasyon endepandan, you fason pou we eske ajans piblik te vyole deman yo ke lwa federal ak Eta a mande ; ak
- Bay you desizyon ekri a moun ki pote plent lan ak ajans piblik la sa adrese chak alegasyon nan plent la epi li gen konklizyon rezon ou byen sa nou rele fe yo epi tou konklizyon yo.

Desizyon an va gen ladan tou rezon yo pou desizyon final ak pwosede yo pou you aplikasyon efektif de desizyon final la, si gen bezwen pou sa, ladan tou aktivite asistans teknik, negosyasyon yo epi aksyon korektif you fason pou respekte sa lwa a di. Si MSDE determine you ajans piblik pat bay sevis apwoprye yo, desizyon final ekri va adrese koman you ajans piblik pou bay remede a dementi sevis yo apwoprye a bezwen ti moun nan, epi sevis a laveni apwoprye pou tout ti moun ki gen andikap yo.

Rezoud you plent Eta

Medyasyon ak lot metod ki mwens fomel pou rezoud dezagreman petet disponib e yo ankouraje bagay sa yo. Si pati yo rezoud plent, MSDE pa bezwen kondwi you investigasyon anba regilasyon federal yo.

Rezoud you plent Eta ki se Sije a you Odisyon sou zafe Garanti Dwa Moun

Si MSDE resevwa you plent Eta li se tou you pati odisyon de pwosede garanti de dwa, oswa si you plent Eta gen ladan plizye pwoblem de sa youn ou plis se pati de odisyon, MSDE dwe mete sou kote nenpot pati nan plent lan ke yo te adrese nan odisyon pwosede garanti la lwa-a jiskaskonklizyon odisyon pwosede garanti de dwa a. Men tou fok mwen di ou, si gen kek pwoblem nan plent Eta a ki pa fe pati de odisyon garanti dwa moun nan, sa dwe rezoud nan itilize kronoloji epi pwosede yo kite dekri anwo a. Si ta gen you pwoblem ki ta paret nan plent la ke yo te gen tan pran desizyon sou li deja, nan you odisyon pwosede garanti de dwa moun epi ke se toujou menm pati yo kap batay, desizyon ki te pran anvan toujou rete, epi MSDE va enfome pati ki pote plent lan ki sa ki pase.

Plent pou afe garanti dwa

Ajans piblik oswa paran ka ranpli you plent de garanti dwa moun nan nenpot bagay ki gen pou-l we avek idantifikasyon, evalyasyon ou byen plasman edikasyonel oswa pwovizyon pou gen you edikasyon piblik apwoprye a you ti moun (FAPE)

Plent pwosede sou zafe garanti dwa a, dwe montre you vyolasyon kite pase li pa gen pli ke de (2) zan depi sa te rive anvan ke patran an oswa ajans piblik la konen ou byen ta dwe konen sou pretandi aksyon a ki fe baz a plent pwosede sou afe garanti dwa.

Kronoloji sa a pa pa aplike si paran an pat ka ranpli you plent pwosede sou afe garanti dwa a nan espas kronoloji a paske ajans piblik la te mal reprezante eke yo rezoud pwoblem nan, ke yo idantifye nan plent pwosede garanti la lwa ou byen ajans piblik la kenbe enfomasyon yo pa bay paran tandiske anba la lwa IDEA, yo te sipoze bay paran yo enfomasyon sa a.

Pou ranpli you plent sou zafe garanti dwa, paran an ou byen ajans piblik la (oswa avoka paran yo, oswa avoka ajans piblik la) dwe soumet you plent dwa moun a lot pati a epi a OAH. Nan plent la fok nou we ke gen tout konteni ke yo konte epi sa dwe kenbe konfidansyel.

You fason pou ede paran yo ranpli plent sou afe garanti dwa moun dwe gen you reket pou medyasyon ak plent sou zafe garanti dwa moun fom sa a disponib nan ajans piblik la kote ti moun nan al lekòl epi tou nan sit entenet la nan :www.marylandpublicschools.org. Pou plis asistans, kontakte ajans piblik la ofis edikasyon espesyal oswa MSDE Division of special Education an Early Intervention Services nan (410)767 7770.

Ki sa ki andan Plent sou afe Garanti Dwa Moun nan.

Nan plent pwosede garanti dwa moun nan dwe genyen :

- Non ti moun nan ;
- Adres kote ti moun nan abite (ou byen, pou you ti moun ki pa gen kay, ban kontak enfomasyon ki disponib yo) ;
- Non lekòl kote ti moun nan ale ;
- Non ajans piblik ki responsab pou edikasyon ti moun nan (i.e., sistèm lekòl lokal la) ;
- You deskripsyon de pwoblèm ti moun nan, sa gen pou we ak pwopozisyon oswa refi inisyasyon ou byen chanjeman, ladan tou nou bezwen fe ou rezon ki bay pwoblèm nan; ak
- You pwopozisyon pwopoze de pwoblèm nan ke yo konnen epi ki diponib nan le plent lan te ranpli a.

Paran an oswa ajans piblik la ka pa genyen you odisyon sou afe garanti dwa moun jiska seke paran oswa ajans piblik la (ou byen avaka paran yo oswa avoka ajans lan), ranpli you plent pwosede sou afe garanti dwa moun ki gen enfomasyon sa ladan.

Repons a Plent Sou Afe Garanti Dwa Moun

Le you pati ranpli you plent sou afe garanti dwa moun, ajans piblik responsab pou edikasyon ti moun nan dwe :

Enfome paran yo ke gen sevis legal pou gran mesi oswa pou ti kraze lajan epi tou lot sevis ki apwoprye disponib;
Bay paran you kopi dokiman pwosede sofgad yo; ak
Enfome paran yo de disponibilite sevis medyasyon an.

Si ajans piblik la pat ko voye you not anvan a lekri a paran yo konsenan pwoblèm paran an di ki genyen nan plent pwosede garanti dwa moun nan, ajans piblik la va voye you repons bay paran, nan espas 10 jou le yo fin resevwa plent lan, ki gen ladan :

- You eksplikasyon pouki ajans piblik la fe pwopozisyon oswa refize pou fe you aksyon;
- You deskripsyon de nenpot ki lot opsyon yo ke ajans piblik la konsidere epi rezon yo pou ki sa yo rejete opsyon yo.
- You fraz ke paran ti moun yo ki gen andikap yo, yo gen pwoteksyon anba pwosede sofgad yo de pati sa a epi, si not sa a pa you premye referans pou evalyasyon, mwayen pa yo menm you kopi pwosede sofgad yo paran yo ka resevwa;

- Sous yo ke paran ka kontakte you fason pou jwen asistan pou ka jwen you moun eksplike-l kisa pwovizyon IDEA di sou sa

Repons sa a pa eskli ajans piblik pou afime ke plent paran yo sou zafe garanti dwa moun yo pa sifi, kote sa apwoprye.

Lot pati kin an pwosede sou zafe garanti lwa a (paran oswa ajans piblik) dwe voye you repons ba lot pati a ki pale espesifikman sou ki pwoblem ki genyen nan plent sou zafe garanti dwa moun, nan you espas de 10 jou le yo te fin resevwa plent garanti dwa moun nan.

Ase not

Plent sou zafe garanti dwa a konsidere sifi a mwens ke pati ki resevwa plent la fe NOAH konen sa e lot pati a li menm li dwe fe sa a lekri nan you espas de 15 jou depi kelte resevwa pati ki resevwa not mank la, OAH va detemine plent garanti dwa repon a demann yo epi imedyatman fe pati yo kon sa a lekri,

You pati ka amande you plent garanti dwa selman si lot pati a konsanti a lekri epi bay opotinite pou rezoud pwoblem nan, nan you re-inyon rezolisyon jan sa deja ekri anba ; oswa OAH bay pemisyon pa pita ke senk (5) jou anvan ke yo odisyon pwosede garanti dwa rive. Kronoloji pou re-inyon rezolisyon an ak odisyon sou zafe garanti dwa komanse anko le amandman ranpli pou plent sou zafe garanti dwa.

Estat ti moun nan pandan pwosede a

Pandan ke ka a sou sispanasyon de nenpot ki Administrasyon ou byen pwosede jidisyè (esepte jan sa deja ekri nan seksyon discipline) a mwens ke paran yo oswa ajans piblik la dako fe you lot jan, ti moun nan dwe rete nan plasman edikasyonel kote li ye la kounye a. Si pwosede a mande you you premye aplikasyon pou premye admisyon a lekòl piblik, ti moun nan ak konsantman paran dwe plase nan pwogram piblik jiskaskè tout pwosede a fini. Si desizyon ALJ a dako avek paran ke you plasman apwoprye, plasman sa ap vini plasman tou nef ti moun nan pandan ke apel la nan sispanasyon.

Pwosede Rezolisyon

Nan you espas de 15 kalandye jou de le ke yo te resevwa plent pwosede garanti dwa, epi anvan pwosede odisyon an komanse, ajans piblik dwe fe you re-inyon avek paran ak manm petinan ou byen manm petinan yo nan gwoup pwogram edikasyon endividyalize (IEP) ki genyen konesans espesifik de fe yo (rezon yo) sa idantifye nan pwosede plent garanti dwa. Re-inyon an :

- Dwe gen ladan you reprezantatif de ajans piblik ki gen otorite pou pran desizyon o non ajans piblik la ; **ak**

- Pa dwe genyen you avoka ki reprezante ajans piblik la a mwens ke paran yo vini avek you avoka.

Paran an avek ajans piblik la detemine manm petinan nan gwoup IEP pou vin patisipe nan re-inyon an

Vre rezon re-inyon an se pou paran vin diskite plent pwosede garanti dwa, epi fe yo (rezon yo) ki sevi kom baz plent lan, you fason pou ajans piblik la gen opotinite pou rezoud dispit la.

Re-inyon rezolisyon pa nesese si :

- Paran an ak ajans piblik la dako a lekri pou renonse a re-inyon an ;
- Paran an ak ajans piblik la dako pou eseye medyasyon ; oswa
- Ajans a piblik la inisye plent garanti dwa moun nan.

Si ajans piblik la pa rezoud plent pwosede garanti dwa a satisfaksyon paran an nan 30 jou kalandrye de le ke yo te resevwa plent lan (ki se peryod rezolisyon an), pwosede odisyon an ka pase.

Karant senk (45) jou kalandrye kwonoloji pou bay you desizyon final komanse nan fen trant (30) jou kalandrye period rezolisyon a mwens ke youn nan sikonstans ki dekri pi ba a nan “trant (30) jou kalandrye peryod rezolisyon” de kwonoloji ekspedye gen seksyon ki aplike pou sa.

Ajistemana trant (30) jou kalandrye peryod rezolisyon

Selman le paran ak ajans piblik la dako pou pwolonje pwosede rezolisyon an, renonse pwosede rezolisyon, osnon pou itilize medyasyon, si you paran papatisipe nan re-inyon rezolisyon an, sa pral retade kronoloji pou pwosede rezolisyon an ak odisyon garanti dwa jiskaske re-inyon an fet.

Si apre ke gen efo rezonab ki fet, efo sa yo gen prev, ajans piblik la pa ka jwen patisipasyon paran nan re-inyon rezolisyon an, ajans piblik la ka, nan fen 30 jou kalandrye peryod rezolisyon, mande ke ALJ rejete plent pwosede sou garanti dwa a. Ajans piblik la dwe gen dokiman ki pwouve ke li te fe ase efo pou we si li ta gen you ako ke tou de pati yo ta ka dako sou ki plas, ki le, telke :

- Tout fwa ke ou te eseye rele nan telefon epi ki rezilta kout telefon yo, bay you dosye detaye ;
- Kopi tou let ke ou voye bay paran epi ban nou ki repons ke ou te jwen ; ak
- Dosye detaye de konbyen visit ou te fe kay paran oswa nan kote lap travay, bay ki rezilta ou te genyen de vizit sa yo.

Si ajans piblik la pa fe re-inyon rezolisyon nan you espas de 15 jou kalandrye de le ke yo te resevwa not paran konsenan plent sou zafe garanti dwa moun **oswa** pa patisipe nan re-inyon rezolisyon, paran an ka fe reket ke odisyon an komanse epi desizyon yo bay nan 45 jou kalandrye.

Si paran an ak ajans piblik la dako a lekri dako pou renonse a re-inyon rezolisyon an, le sa 45 jou kalandrye kronoloji pou odisyon sou afe garanti dwa moun komanse nan demen.

Aprè ke medyasyon an komanse ou byen re-inyon rezolisyon ak anvan fen 30 jou kalandrye peryod rezolisyon, si ajans piblik la ak paran dako a lekri pa gen oken ako ki posib, 45 jou kalandrye kwonoloji pou odisyon pwosede sou zafe garanti dwa moun komanse nan demen.

Si paran ak ajans piblik dako pou eseye medyasyon, nan fen 30 jou kalandrye peryod rezolisyon, tou de pati yo ka dako a lekri pou kontinye pwosede medyasyon jiskaske yo rive a you ako. Sepandan, si paran an oswa ajans piblik la ta fe bak sou kesyon medyasyon, m alo 45 jou kalandrye kwonoloji odisyon sou zafe garanti dwa moun nan komanse nan demen.

Rezolisyon agreman tonbe dako

Nan re-inyon rezolisyon an, si rezolisyon dispit la rezoud paran ak ajans piblik la dwe antre nan you ako legal ki dwe kenbe. Ki:

- Siyen pa paran ak you reprezantan ajans piblik la ki gen otorite pou fe ajans piblik la respekte agreman ; **ak**
- Ka kenbe nan nenpot tribinal Eta ki gen jiridiksyon (you tribinal Eta ki gen otorite pou tande tip de ka sa yo) oswa nan you distrik tribinal federal.

Si paran an ou byen ajans piblik la, a koz you re-inyon rezolisyon, antre nan you ako, nenpot nan pati yo kapab anile li nan you espas de 3 jou dafe.

Odisyon pwosede garanti de dwa moun

Paran ou byen ajans piblik ki nan you dispit gen opotinite pou you odisyon ki pa nan patipri sou zafe garanti dwa moun le yo ranpli you plent pwosede sou zafe garanti dwa moun.

Jij la lwa administratif (ALJ) :

- Se you anplwaye de ofis odisyon administratif ;
- Pa dwe gen you konfli entere pesonel oswa pwofesyonel ki ka anpeche yo rive a objektif odisyon ;

- Li dwe konen epi tou konpran pwovizyon lwa IDEA, ak regleman federal ak Eta a gen pou we ak IDEA, ak entepretation legal IDEA; ak
- Gen konesans ak kapasite pou fe odisyon yo, ak fe pi ekri desizyon ki konsistan ak pratik sevis legal.

Sije plent pwosede sou zafe garanti dwa moun

Pati (paran oswa ajans piblik la) ki ranpli you plent pwosede sou zafe garanti dwa, pa pral leve oken lot pwoblem ki pat mansyone nan plent pwosede sou zafe garanti dwa moun, a mwens ke lot pati a dako.

Dwa odisyon yo

Nenpot kel pati nan odisyon sou zafe pwosede garanti dwa moun (menm le se you odisyon sou IDEA pwosedi disipline) gendwa pou :

- Repezante tet ou oswa gen yon avoka ki repezante ou nan pwosesis odisyon sou zafe garanti dwa moun dapre atik gouvènman Eta a 9-1607.1 kod lwa Maryland;
- Ou ka akonpaye oswa gen yon avoka ki pou ba ou konsey oswa lot moun ki gen konesans espesyal osnon antrenman konsenman pwoblem ti moun yo ki gen yon andikap;
- Akonpaye epi resevwa konsey nan men you avoka ak / oswa moun avek konesans espesyal ou byen moun ki antrene konsenan pwoblem ti moun ki gen you andikap.
- Prezante you prev epi fe konfrontasyon, enteroje, epi mande pou temwen prezan;
- Anpeche nan odisyon pou gen entrodiksyon oken lot prev ki pat revele a lot pati a o mwens 5 jou anvan odisyon an ;
- Jwen you dosye odisyon an, mo pa mo, elektwonik, se opsyon paran an. Ak
- Jwen a lekri, ki say o jwen kom fe (rezon) ak desizyon yo, se opsyon paran an.

Revelasyon enfomasyon an plis

O mwens 5 jou dafe anvan pwosede odisyon sou zafe garanti dwa moun, paran an ak ajans piblik la dwe dekouvri youn a lot tout evalyasyon konple anvan jou sa epi rekomandasyon pral fet dapre sa evalyasyon ke paran an ak ajans piblik gen entansyon pou itilize nan odisyon an.

You Alj ka anpeche nenpot pati ki pa respekte demann sa yo pou entwodi evalyasyon petinan sa yo oswa rekomandasyon nan odisyon an san konsantman lot pati a.

Dwa paran yo

Paran yo gen dwa pou:

- Gen ti moun nan prezan;
- Kite odisyon an ouve a piblik; ak
- Gen dosye odisyon an, twouve fe ak desizyon yo, ou dwe resevwa sa san ou pa peye senk (5) kob.

Desizyon odisyon

Desizyon ALJ sou ke ti moun nan resevwa edikasyon piblik apwopriye (FAPE) sa dwe baze sou you baz solid. Nan ka kote yo di gen you vyolasyon pwosede, you ALJ ka jwen ke ti moun nan pa resevwa FAPE Selman si pwosede a pa sifi.

- Entefere avek dwa ti moun nan a you FAPE;
- Entefrans grav konsenan opotinite paran pou patisipe nan pwosede desizyon kap pran sa gen pou we ak sa FAPE di konsenan ti moun anba pwovizyon ki pale de sa; oswa
- Koze you privasyon nan benefis edikasyonel.

Oken nan pwovizyon ki dekri anwo a ka enteprete pou anpeche you ALJ de komande you ajans piblik pou respekte reket seksyon pwosede sofgad yo dapre regleman federal anba pati B de IDEA (3 CFR 300.500 jiska 300.536)

Plent separe sou zafe garanti dwa moun

Nan seksyon IDEA pwosede sofgad yo pa gen anyen ki anpeche you paran pou ranpli you plent separe sou zafe garanti dwa moun, sou you pwoblem separe plent pwosede de you pwosede plent garanti dwa moun deja ranpli.

Kwonoloji yo e konvenyans de you odisyon

Pa plis pase 45 jou kalandrye apre fen 30 jou kalandrye period pou re-inyon rezolisyon ou, kom dekri anba 'Ajisteman a 30 jou kalandrye period rezolisyon' ou byen kwonoloji eks pedye,' pa pita ke 45 jou kalandrye apre fen de period de tan ajiste:

- Nan odisyon an yo te jwen you desizyon final; epi
- You kopi de desizyon an ta dwe al jwen tou de pati yo pa la pos.

You ALJ ka bay espesifik ekstansyon tan apre 45 jou a si nenpot nan pati yo ta mande sa. Chak odisyon dwe rive nan you le, you plas ki rezonab epi ki pap deranje paran an ak ti moun nan.

Kwonoloji ekspedye

You ajans piblik responsab pou fe aranjman epi ekspedye odisyon sou zafe garanti dwa moun le gen you plent sou zafe dwa moun ranpli pou you ti moun ki gen you andikap, konsenan:

- You ti moun ki gen you andikap ki pa kounye a anrejistre epi al lekòl;
- Plasman you ti moun ki gen andikap nan you kad edikasyon alternatif pwovizwa; oswa
- You deteminasyon manifestasyon.

Pwosede odisyon sou zafe garanti dwa moun dwe fet nan 20 jou lekòl de dat le plent lan te ranpli. ALJ a dwe fe you deteminasyon nan you espas 10 jou apre odisyon an. You reinyon rezolisyon dwe nan espas 7 jou kalandrye de le yo resevwa plent sou zafe garanti dwa moun epi pwosede garanti dwa moun nan ka kontinye a mwens ke pwoblem nan rezoud a satisfaksyon tou de pati yon an you espas 15 jou kalandrye de le ke yo resevwa plent sou zafe garanti dwa moun.

Finalite de desizyon odisyon

You desizyon ALJ li final a mwens ke gen you apel ki fet swa pa paran ou ajans piblik la. Nenpot pati ki pa kontan ak konklizyon ou desizyon yo gen dwa pou pran you aksyon sivil ak tout respe pou plent prezante nan odisyon sou zafe garanti dwa moun.

Apel

Nenpot pati nan odisyon an ki pa dako ak desizyon epi konklizyon yo gen dwa pou fe you apel yap pote you aksyon sivil nan nenpot tribinal Eta ki konpetan nan jiridiksyon an oswa you tribinal nan Etazini sa pa di anyen ki vale kontwoves sa ka pote nan espas de 120 jou de dat desizyon ALJ.

Nan nenpot aksyon sivil, tribinal la pral:

- Resevwa dosye pwosede administratif la ;
- Si paran an osnon ajans piblik la mande, tandè plis prev ; epi
- Baze desizyon an sou prev ki lou: ak
- Bay soulajman ke tribinal la santi ki apwoprye.

Anyen nan pati B ki soti nan IDEA wete, limite dwa yo, pwosede yo, epi remed ki disponib sa kouvri anba konstitisyon Etazini, li rele American Disability Act 1990, Title V of the Rehabilitation Act of 1973 (section 504) ou byen lot lwa federal ki pwoteje dwa ti moun ki gen andikap. Esepte, sa ki anvan ranpli aksyon sivil anba lwa sa yo paran yo oswa ajans piblik la fin epize tout sa ki nan pouvwa pou you pwosede odisyon sou zafe garanti dwa moun avek OAH. Sa vle di ke paran yo ka gen remed ki disponib anba lot lwa ki kouvri sa yo ki deja disponib anba lwa IDEA, men an general, pou jwen soulajman anba lot lwa yo, paran yo dwe an premye itilize remed administratif sa yo ki disponib anba IDEA (i.e., plent pwosede sou afe garanti dwa, re-inyon rezolisyon, pwosede odisyon san patipri sou zafe garanti dwa moun)anvan ale direktman nan tribinal.

Fre Avoka

Nenpot aksyon oswa pwosede ki vin devan IDEA, tribinal la ka fe yo jwen you avoka ki ka fe yo peye you fre ki rezonab a:

- Paran yo oswa gadyen ti moun ki gen andikap ki se pati ki genyen an;
- A you pati ki gen avantaj ki se MSDE oswa nenpot lot ajans piblik kont avoka paran ki ranpli plent lan ou byen koz aksyon ki swiv, ki pa kanpe sou anyen, ki pa rezonab, oswa ki san fondasyon, oswa kont avoka paran ki kontinye ap plede malgre yo jwen ke ka sa pa kanpe sou anyen, ki pa rezonab, oswa ki san fondasyon; oswa
- A you pati ki gen avantaj MSDE ou byen nenpot lot ajans piblik kont avoka paran an, oswa kont paran an, sip lent paran an ou byen lot koz aksyon ki swiv te prezante pou nenpot bi ki pa mache ansanm ak sa a, telke arasman, pou ka koze reta ki pa menm nesese, oswa you fason pou ka ogmante san rezon pri avoka kap plede.

Fre ki abitre a dwe baze sou pri kin an kominote a kote aksyon an te rive a pou kalite ak emab sevis kite bay. Nan fre ki gen pou peye a pa dwe gen oken bonis le kalkil la ap fet.

Fre pa ka peye anba kondisyon sa yo:

- Pou nenpot gwoup re-inyon IEP a mwens ke yo te re-ini kom rezilta you odisyon pwosede sou zafe garanti dwa moun, ou byen you aksyon jidisyè ;
 - Pou medyasyon kite fet anvan plent pwosede sou zafe garanti dwa moun nan te ranpli ;
 - Pou re-inyon rezolisyon ; ak
 - Pou sevis yo ak you of agreman ekri a paran si :
- Of la fet nan espas kwonoloji ki anba reg 68, reg federal pou pwosede sivil, ou byen nan pwosede administrative, plis pase 10 jou anvan ke pwosede a komanse;
- Of la pa asepte nan you espas de di jou; epi
- Tribinal la jwen ke soulajman ke paran tap chache nan odisyon an pat favorab a paran ke of antant lan. Fre avek pri kapab rekonpans si paran an jistifye pou ki sa yo rejete of antant lan.

Anba kek sikonstans fre a ka redwi anba kek sikonstans:

- Paran yo oswa avoka paran yo san rezon pwolonje rezolisyon dispit la;
- Som fre a li depase san rezon fre ke yo peye nan kominote a pou menm sevis la pa avoka ki gen menm abilite, menm repitasyon ak eksperyans;
- Si tan ak sevis la yo te pi plis le ou konsidere pwosede yo; oswa
- Avoka a pat bay enfomasyon apwopriye le-l tap ranpli reket not pou odisyon sou zafe pwosede garanti de dwa moun nan .

Fre a pap redwi si:

- Ajans piblik la pwolonje rezolisyon, oswa
- Te gen you vyolasyon de pwosede sofgad yo.

Paske dwa paran yo pou jwen sa yo peye avoka sa depan de kek kondisyon ke yo nan IDEA, paran yo dwe diskite bagay sa avek avoka yo.

Atachman
IDEA sa se tablo pou konpare pwosede rezolisyon dispit

	MEDYASYON	Plent pwosede sou afe garanti dwa moun	Pwosede rezolisyon	Plent Eta a
ki es ki ka inisye pwosede a ?	Paran oswa ajans piblik men li dwe volonte pou tou le de	Paran oswa ajans piblik	Ajans piblik ki fe ore pou re-inyon rezolisyon le yo resevwa plent pwosede sou zafe garanti dwa moun, a mwens ke pati yo dako pou renonse osnon itilize medyasyon	Nenpot oganizasyon oswa endividi ladan gen sa yo ki pa menm nan Eta a
Ki limit tan pou yo ranpli ?	Pa gen you tan ki espesifye	Pa kite de (2) zan pase. Le pati a konen osnon li te dwe konen ke gen mwens pase sa li te atann	Plent pwosede sou afe garanti dwa moun, se sa ki deklanche pwoblem nan	1 an de dat le yo te di ke vyolasyon an te rive
Ki kalite pwoblem ki ka rezoud?	Nenpot bagay ki anba 300 menm bagay kite rive anvan ou te ranpli plent pwosede sou zafe garanti dwa moun (Gen kek esepsyon)ii	Nenpot bagay ki gen pou we ak idantifikasyon, evalyasyon oswa plasman edikasyonel ou byen pwovizyon pou you edikasyon piblik gratis apwoprye (gen esepsyon)	Se menm bagay ak pwoblem ki leve nan plent pwosede sou zafe garanti dwa moun nan	Pati B de IDEA osnon pati 300, vyolasyon ke ou di ki rive

<p>Ki kwonoloji tan pou rezoud pwoblem sa yo?</p>	<p>Pa gen oken ki espesifye.</p>	<p>45 jou de finisman peryod rezolisyon a mwens ke yo ba-w you ekstansyon espesifik a kwonoloji a. 3,4</p>	<p>Ajans piblik la dwe mande you re-inyon rezolisyon nan you espas 15 jou de le o resevwa resi plent pwosede sou zafe garanti dwa moun, a mwens ke tou de pati yo dako a lekri pou renonse a re-inyon oswa dako pou itilize medyasyon. Peryod rezolisyon se 30 jou de resi plent pwosede sou afe garanti dwa moun, a mwens ke pati yo dako you lot bagay se swa paran yo ou byen ajans piblik pa patisipe nan re-inyon rezolisyon osnon ajans piblik la pa pwograme you re-inyon rezolisyon nan you espas de 15 jou de le yo resevwa resi plent paran sou zafe garanti dwa 3,5,6,7</p>	<p>60 jou de resi plent lan, a mwens ke gen antant pou you ekstansyon. 8</p>
<p>Ki es ki rezoud pwoblem sa yo?</p>	<p>Paran, ajans piblik avek you medyate Pwosede a volonte, tou le de pati yo dwe dako a nenpot rezolisyon</p>	<p>Ofisye odision/oswa jij la lwa administrative (ALJ)</p>	<p>Paran ak ajans piblik Tou de pati yo dwe dako a nenpot ki rezolisyon</p>	<p>Depatman Edikasyon Eta Marylandⁱ</p>

1. Tan limit lan pa aplike a paran si yo te anpeche paran w pou lit e ranpli you plent sou afe pwosede garanti dwa moun paske: (1) Move reprezantasyon espesifik pa ajans piblik la ke li rezoud pwoblem ki fe baz plent sou afe pwosede garanti dwa moun; (2) Ajans piblik kenbe enfomasyon ke yo te sipoze bay paran an dapre sa pati 300 nan IDEA mande, yo dwe bay paran yo enfomasyon sa yo (34 C.F.R. 300.511 (f))
2. Esepasyon sa yo gen ladan: ajans piblik la ka pa ranpli plent oswa itilize medyasyon pou anile refi paran pou konsanti premye pwovision sevis edikasyon espesyal (34 C.F.R. 300.300 (B) (3); Ajans piblik la pa ka ranpli plent pwosede sou afe garanti dwa moun oswa itilize medyasyon pou anile refi paran pou konsanti pou you premye evalyasyon ou byen re-evalyasyon de you ti moun ke paran li plase nan you lekòl prive osnon Ti moun ke yo fe edikasyon li lakay; (34 C.F.R. 300.300 © (4)(i)) dwa paran yo ki plase ti moun yon an lekòl prive pou ranpli you plent sou zafe garanti dwa moun li limite a ajans piblik li pa fasil pou di ke ajans piblik la pa ranpli deman yo (34 C.F.R. 300.140); Di ke ajans piblik la pa bay pwofese kit re kalifye pa you pwoblem sa kouvri anba garanti dwa moun, men li ka you plent Eta a ou ka ranpli sa nan ajans Edikasyon Eta aState Education Agency (SEA) (34 C.F.R. 300.156 (E))
3. Si plent sou afe garanti dwa moun nan ranpli pou odisyon ekspedite sa soti nan atik pwosedi discipline yo, ou byen ti moun nan aktyelman pa anrejistre epi al lekòl, period rezolasyon an se 15 jou kalandrye (avek re-inyon an ki dwe fet nan espas 7 jou). Si ka a pa rezoud a satisfaksyon tou de pati yo, odisyon an dwe rive nan 20 jou kalandrye de dat reket odisyon an te fet, dwe gen you desizyon ki pou bay nan espas 10 jou apre odisyon an. (34 C.F.R. 300. 532 © ak COMAR 13A.05.01.15).
4. You ofisye odisyon ALJ ka bay ekstansyon espesifik de tan nan moman reket la de nenpot kel pati. (34 C.F.R. 300.516 ©)
5. Regleman yo pemet ajisteman a 30 jou period rezolasyon . 45 jou kwonoloji pou odisyon sou zafe pwosede garanti dwa moun komanse jou apre youn nan eveneman sa yo: (1) Tou de pati yo dako a lekri pou renonse re-inyon rezolasyon; (2) apre medyasyon oswa re-inyon rezolasyon komanse anvan fen 30 jou period , pati yo dako a lekri ke pa gen you antant ki posib ; (3) Si tou de pati yo dako a lekri pou kontinye medyasyon nan fen 30 jou period rezolasyon, pa pita, paran oswa ajans piblik kite pwosede medyasyon. (34 C.F.R. 300.510 ©).
6. Paske paran pa patisipe nan re-inyon rezolasyon retade kwonoloji tan pou pwosede rezolasyon epi odisyon sou zafe garanti dwa moun jiskaske re-inyon an fet. (34C.F.R. 300. 510 (B) (3)).
7. Si ajans piblik la pa fe re-inyon rezolasyon nan espas 15 jou de le yo te resevwa plent sou zafe garanti dwa moun oswa pa patisipe nan re-inyon rezolasyon Paran an ka chache entevansyon de you ALJ pou komanse odisyon pwosede sou zafe garanti dwa kwonoloji (34 C.F.R. 300. 510 (b)(5))
8. Kwonoloji pou rezoud plent Eta ka pwolonje si gen sikonstans esepasyonel ekziste ak respe pou pou kek plent patikilye Paran osnon endividi oswa oganizasyon, si medyasyon, lot altenatif rezolasyon dispit, disponib a endividi ou

ogalizasyon anba pwosede Eta epi ajans piblik la dako volonteman pou engaje-l nan medyasyon (34 C.F.R. 300. 152 (A) (3)). Nan kek ka yo, moun ki fe plent lan ak ajans piblik kap byen rezoud dispit la san bezwen MSDE pou rezoud ka.

ⁱ The MSDE complaint procedures provides the public agency with the opportunity to respond to the complaint, including, at the discretion of the public agency, a proposal to resolve the complaint; and an opportunity for the parent who files a complaint and the public agency to voluntarily engage in mediation. (34 C.F.R. §300.152(a)(3)). In some cases, the complainant and public agency may be able to resolve the dispute without the need for MSDE to resolve the matter.